

## **Viris Covid 2019**

### **Kesyon Moun Poze Souvan**

- Kesyon:** Ki etap administratè lekòl-la ta dwe pran si yon elèv/estaf vin bòkote w pou enfòmè ou li-menm/fanmi-li te vwayaje aletranje, presizeman nan peyi Lachin oswa te gen kontak sere ak yon moun ki te vwayaje aletranje nan 14 dènye jou ki sot pase yo?
- Repons:** Nan ka elèv-la/estaf prezante siy/sentòm lafyèv, tous, difikilte respire, jere sityasyon an selon potokòl Distri a tabli pou maladi atrapan. Estaf lekòl ak pwofesyonnel sante dwe toujou kontinye pran prekosyon ki nesese pou kontwol enfeksyon ajan patojèn transmisib nan san selon sa Occupational Safety & Health Administration (OSHA) apwouve. Estaf lekòl swiv pwosedi ankou epi rapòte ka a ba depatman CSHS Department.
- Kesyon:** Kijan manm estaf lekòl ka pwoteje tèt-yo ak lezòt pou anpeche viris respiratwa pwopaje?
- Repons:**
- Evite kontak sere ak moun ki malad
  - Kouvri bouch ak nen ak yon klinèks lè w ap estènye oswa touse
  - Lave men souvan epi itilize bon teknik pou lave men ou ak/oswa itilize dezenfektan pou men
  - Evite manyen je, nen oswa bouch
  - Rete lakay ou lé ou malad epi ankouraje paran timoun ki malad, gade timoun malad anndan kay-yo
  - Pa pataje kiyè, fouchèt, vè pou bwè dlo oswa lòt atik pèsonnèl
  - Manyen yon objè ki ka enfekte ak viris, tankou manch pòt, bouton asansè, sifas biwo epi apre manyen bouch oswa nen, ka enfekte moun; kidonk, lave men ou/itilize dezenfektan pou men
- Kesyon:** Kisa k ap rive si elèv/estaf mande mete mask pou figi nan lekòl-la?
- Repons:** Yo entèdi mask pou figi ni yo pa rekòmande-yo nan lekòl-la. CDC pa rekòmande itilize mask pou figi, pou piblik US nan bi anpeche viris COVID 2019 gaye.

**Kesyon:** Ki etap administrasyon lekòl ka pran kòm mezi prevansyon nan lekòl-la?

- Repons:**
- Mete ase savon ak sévyèt papye nan distribitè otomatik ki sitiye nan twalèt ak nan zòn pou lave men ke elèv, estaf ak vizitè ka itilize.
  - Mete ase dezenfektan pou men (hand sanitizers)
  - Netwaye epi dezenfekte sifas ak objè tankou manch pòt, sifas biwo, ekipman vledi konpitè, laptop. Netwaye-yo avèk yon dezenfektan jèmisid, Wexcide, ke Distri a apwouve
  - Ensiste bòkote estaf, elèv ak vizitè enpòtans itilize teknik kòrèk pou lave men yo ak/oswa itilize dezenfektan pou men
  - Afiche postè nan tout lekòl la sou bon teknik pou lave men epi kouvri tous ou
  - Bay paran enfòmasyon sou viris kowonaviris COVID 2019 nan "Gid pou Paran osijè COVID 2019" epi poste enfòmasyon CDC sou sitweb lekòl-yo
  - Distribye enfòmasyon nan reyinyon estaf, reyinyon PTA ak nan lòt reyinyon kominotè

**For more information and updates, visit [browardschools.com/coronavirus](https://www.browardschools.com/coronavirus).**

**The School Board of Broward County, Florida** Lori Alhadeff • Robin Bartleman • Heather P. Brinkworth • Patricia Good • Donna P. Korn Laurie Rich Levinson • Ann Murray • Dr. Rosalind Osgood • Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, prohibits any policy or procedure which results in discrimination on the basis of age, color, disability, gender identity, gender expression, genetic information, marital status, national origin, race, religion, sex or sexual orientation. The School Board also provides equal access to the Boy Scouts and other designated youth groups. Individuals who wish to file a discrimination and/or harassment complaint may contact the Director, of the Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & District's Equity Coordinator/Title IX Coordinator at 754-321-2150 or Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Individuals with disabilities requesting accommodations under the Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008 (ADAAA), may contact the Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department at 754-321-2150 or Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. [browardschools.com](https://www.browardschools.com)